

**AVI KONSÈNAN PWOPPOZISYON REZOLISYON PWOSÈ GWOUP MOUN YO TE
MET ANSANM POU YO FÈ A**

Center for Independence of the Disabled, New York, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al. No. 153765/2017 (N.Y. Sup. Ct. N.Y. Co.);

De La Rosa, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al. Case No. 19-cv-04406 (ER) (S.D.N.Y.)

Yon tribunal te otorize avi sa a. Sa a pa yon demann yon avoka voye.

ENFÒMASYON ENPÒTAN: Si deskripsiyon ki vin annapre a koresponn avè w, sa vle di, petèt, ou fè pati gwoup moun nan rezolisyón ki pwopozé pou pwosè ki mansyone pi wo yo:

1. Ou gen yon andikap ki fè 1 difisil oubyen enposib pou w itilize eskalye; epi
2. Ou bezwen chemen ki pa gen eskalye pou w fè trajè w yo nan sistèm tren ki nan Vil Nouyòk la.

TANPRI, PRAN SAN W POU W LI AVI SA A. DISPOZISYON LEGAL KI PRAN NAN PWOSÈ SA A KA GEN KONSEKANS SOU DWA W GENYEN YO.

ENFÒMASYON JENERAL

1. Poukisa m resevwa avi sa a?

Objektif avi sa a se pou avèti w konsènan rezolisyón ki pwopozé a (“Antant” lan) pou de pwosè ann atant ki konsène yon gwoup moun ki met ansanm, nan non moun ki limite nan deplasman yo, sa gen ladan 1 moun ki sou chèz woulant oubyen ki itilize lòt zouti ki pou ede yo (tankou sipò pou mache, beki oswa baton), e ki itilize oswa ki ta renmen itilize sistèm tren ki nan Vil Nouyòk la. *Center for Independence of the Disabled, New York, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al.*, Case No. 153765/2017 (Supreme Court, N.Y. Co.) and *De La Rosa, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al.*, Case No. 19-cv-4406 (S.D.N.Y.).

2. Ki sa k gen nan pwosè sa yo?

Center for Independence of the Disabled, New York, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al., Case No. 153765/2017 (Supreme Court, N.Y. Co.):

- Se sis òganizasyon k ap defann dwa moun andikape ki te anrejistre dosye sa a nan tribunal eta Nouyòk nan Komin Nouyòk la nan lane 2017. W ap jwenn: Center for Independence of the Disabled, New York; Brooklyn Center for Independence of the Disabled; Bronx Independent Living Services; Harlem Independent Living Center; Disabled In Action of Metropolitan New York; New York StateWide Senior Action Council; ansanm ak de moun ki sou chèz woulant ki te pote plent. Non yo se: Sasha Blair-Goldensohn ak Dustin Jones (“Yo rele Moun Ki Pote Plent”).

- Dosye sa a fè konnen, Akize yo, ki se, Metropolitan Transportation Authority (“MTA”) ak New York City Transit Authority (ansanm yo pote non “Akize”), fè diskriminasyon kont moun ki limite nan deplasman yo ak sa ki gen lòt andikap ki gen konsekans sou kapasite yo genyen pou yo itilize eskalye yo, lè yo retire yo nèt nan sistèm tren ki nan Vil Nouyòk la. Moun ki depoze plent yo di, lefètke Akize yo pa mete asansè oswa lòt mwayeren ki pa gen eskalye nan anviwon 75% stasyon tren yo, se refize yo refize ba yo menm aksè tout moun genyen nan sistèm tren an e sa a pa annamoni ak Lwa ki Tabli pou Dwa Moun nan Vil Nouyòk.

Gen plis enfòmasyon konsènan pwosè a, Plent lan tou, ki disponib la a:

<https://dralegal.org/case/cidny-v-mta-state-court/>

De La Rosa, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al., Case No. 19-cv-4406 (S.D.N.Y.):

- Dosye sa a te anrejistre kont Akize yo nan tribunal federal ki nan Nouyòk la nan mwa me 2019 nan non de moun ki limite nan deplasman yo ki se, Jessica De La Rosa ak Jean Ryan, ansanm ak menm alyans gwoup k ap defann dwa moun andikape yo nan dosye tribunal ki nan eta a (sof Komite Aksyon Siperyè pou Tout Eta Nouyòk la ki pa ladan l).
- Dosye sa a fè konnen Akize yo abitye fè diskriminasyon lè y ap fè travay renovasyon, lè yo pa mete asansè oswa lòt chemen ki pa gen eskalye e sa pa annamoni ak Lwa Konsènan Ameriken Ki Gen Andikap la, Atik 504 nan Lwa Reyadaptasyon 1973 la, ak Lwa konsènan Dwa Moun nan Vil Nouyòk.

Gen plis enfòmasyon konsènan pwosè a, Plent lan tou, ki disponib la a:

<https://dralegal.org/case/de-la-rosa-v-mta/>

Moun ki pote Plent yo ak Akize yo jwenn yon antant ekri antre yo (“Antant Rezolisyon” an oswa “Antant” lan) pou regle toulède pwosè ki mansyone pi wo yo. Antant sa a dwe jwenn apwobasyon ni jij tribunal eta Nouyòk la, ni jij tribunal federal nan Nouyòk la anvan yo mete 1 sou pye. Rezime detay konsènan Antant lan mansyone pi ba a.

Paske jij tribunal eta Nouyòk la mete dosye eta a nan kategori dosye ki konsène yon bann moun ki mete tèt yo ansanm, e dosye federal la te anrejistre antanke yon dosye kote yon bann moun mete tèt ou ansanm, Moun ki depoze plent yo, nan toulède ka yo, reprezante moun ki gen pwoblèm pou yo itilize eskalye oswa sa jis enposib pou yo e ki bezwen chemen ki pa gen eskalye pou yo fè trajè nan sistèm tren nan Vil Nouyòk la (“Rezolisyon pou yon Gwoup Moun”).

3. Kisa yon pwosè yon gwoup moun met tèt yo ansanm pou yo fè a ye?

Moun ki depoze plent lan depoze l pou tèt li ak nan non lòt moun ki te petèt sibi menm bagay 1 ap pote plent pou li a. Tribunal la chwazi moun ki depoze plent lan pou l sèvi antanke Reprezantan Gwoup la nan non tout moun ki konsène yo (yo pote non “Manm Gwoup la” oswa “Gwoup” la tou).

4. Poukisa gen yon Rezolisyon?

Olye pou y al nan jijman, Moun ki depoze plent yo ak Akize yo met tèt yo ansanm pou yo regle dosye a. Moun ki depoze plent yo panse Rezolisyon yo jwenn nan san fòs kote, li fè sans, li rezonab, e li nan avantaj Moun ki fè pati Gwoup la. Pou yo te ka rive nan desizyon sa a, Reprezantan Gwoup la ak avoka yo te analize avantaj ki gen nan rezolisyon an, konsekans dispozisyon legal ki kontinye pran yo ka genyen, ak depans ak kantite tan dispozisyon legal ki kontinye pran yo ap ye ansanm ak kontestasyon ki ka genyen yo.

5. Kiyès Rezolisyon an bay pwoteksyon?

Tout moun ki gen pwoblèm pou yo itilize eskalye oswa sa jis enposib pou yo e ki bezwen chemen ki pa gen eskalye pou yo fè trajè nan sistèm tren nan Vil Nouyòk la, e k ap oubyen ki pral itilize sistèm tren ki nan Vil Nouyòk la kou l vin pi fasil pou yo fè sa a.

6. Kisa pou m fè si m pa fin twò konnen si m ladan l?

Si w pa fin twò konnen si sa konsène w, tanpri, voye yon imel bay Disability Rights Advocates nan NYCSubways@dralegal.org oubyen rele (332) 217-2363 pou w ka jwenn plis enfòmasyon.

7. Èske m ap ka resevwa lajan nan kad Rezolisyon an?

Non. Rezolisyon an pa bay okenn Moun ki depoze plent oubyen Moun ki fè pati gwoup la okenn dedomajman sou fòm lajan. Sepandan, rezolisyon an pa anile (bay vag) okenn reklamasyon yon moun te fè pou yo mande dedomajman sou fòm lajan.

8. Èske m dwe renonse ak kèk dwa si Rezolisyon an apwouve?

Nan kad Antant Rezolisyon an, Moun ki depoze plent yo dakò pou yo anile (bay vag) kèk reklamasyon e anile kèk reklamasyon nan non Gwoup la.

- Moun ki pote plent yo anile tout reklamasyon ki te fèt nan pwosè ki mansyone pi wo yo, oswa ki te ka fèt nan pwosè sa yo ki gen rapò ak bay chemen ki san eskalye pou fè trajè nan estasyon tren ki nan Vil Nouyòk yo; ansanm ak tout reklamasyon ki fèt pou gen chanjman ki fèt nan nenpòt estasyon tren pou mete asansè oswa mete yon chemen ki pa gen eskalye pou fè trajè, e menm nan kad renovasyon k ap fèt nan yon estasyon. Sa vle di, ni Moun ki depoze plent yo, ni nenpòt nan Manm Gwoup la pa ka mande yon lòt pwosè pou fè Akize yo mete chemen ki pa gen eskalye nan estasyon tren yo.
- Antant Rezolisyon an pa anile okenn reklamasyon pou l aplike kondisyon ki nan Antant Rezolisyon.
- Gwoup Moun Rezolisyon an konsène yo pa ka fè yon reklamasyon pou desonse vyolasyon oswa mank respè Antant Rezolisyon an sof si Moun ki konsène yo pa respekte metòd rezolizyon konfli ki gen nan Antant Rezolisyon an.

9. Ki sa Moun ki pote plent yo jwenn nan kad Rezolisyon an?

Moun ki pote plent yo pa resevwa okenn lajan nan kad Rezolisyon an. Moun ki pote plent yo ap resevwa menm avantaj ak Moun ki fè pati gwoup la. W ap wè avantaj yo pi ba a, nan pati ki rele, “Ki sa Antant Rezolisyon Ki Pwopoze a ta Sipoze Fè?” ki nan avi sa a.

10. Kilè Tribunal la ap deside si l apwouve Rezolisyon an?

Nan chak ka, Tribunal la ap fè yon odyans (sa ki rele “Odyans San Paspouki”) pou l deside si Antant Rezolisyon ki pwopoze a san fòs kote, si l fè sans, ak si l rezonab, aprè sa li dwe jwenn apwobasyon.

Nan dosye ki nan tribunal nan eta a, Odyans san Paspouki a ap fèt nan dat **24 avril 2023 a 10:00am** devan Onorab Shlomo Hagler.

Nan dosye ki nan tribunal federal la, Odyans san Paspouki a ap fèt nan dat **7 avril 2023 a 10:00am** devan Onorab Edgardo Ramos.

Tanpri kontakte Disability Rights Advocates pou w ka jwenn tout dènye enfòmasyon ki gen rapò ak patisipasyon nan odyans lan. Si Tribunal la apwouve Rezolisyon an aprè Odyans san Paspouki a, ka toujou gen kontestasyon. Si gen dosye kontestasyon ki depoze, pa gen detay konsènan kantite tan sa ap pran pou l trete. Si Rezolisyon an apwouve, e pa gen okenn dosye kontestasyon ki depoze, MTA ap kòmanse aplike dispozisyon ki nan Rezolisyon an.

DWA LEGAL AK POSIBILITE W GENYEN NAN KAD REZOLISYON SA A

- **Ou ka di w pa dakò**—ou ka ekri Tribunal la si w pa dakò ak Rezolisyon an.
- **Ou ka patisipe nan Odyans San Paspouki a**—Ou ka mande pou w adrese Tribunal la konsènan nivo jistis Rezolisyon an.
- **Si w pa fè anyen** e Tribunal la apwouve Rezolisyon an, si w fè Pati Gwoup la, w ap oblige aksepte kondisyon Rezolisyon an.
- Avi sa gen detay konsènan dwa ak posibilite sa yo. **Gen delè pou w aplike dwa ak posibilite sa yo.**

KI SA ANTANT REZOLISYON KI PWOPROZE TA KA RANN POSIB?

Si Rezolisyon an apwouve, Akize yo ap mete sou pye kèk règleman epi pran kèk angajman pou rann sistèm tren nan Vil Nouyòk la pi fasil pou moun ki pa ka pran eskalye yo gen akè avè l.

Avi sa bay rezime konènan kondisyon ki nan Rezolisyon an:

A. Yo atann pou Akize yo Atenn Yon Nivo Maksimòm nan Dispozisyon Y ap Pran Pou Kreye Aksè yo (Lè gen 95% nan stasyon Ki Pa Bay Aksè Nan Moman yo vin gen aksè, jan sa parèt nan Antant Rezolisyon an) disi 2055.

- Akize yo pral mete asansè ak/oswa ranp nan estasyon yo, konsa, disi 2055, omwen 95% nan 364 stasyon MTA ki pa gen aksè nan moman an (jan sa parèt nan Antant Rezolisyon an) pral gen chemen ki pa gen eskalye pou fè trajè e moun ki sou chèz woulant ak lòt moun ki limite nan deplasman yo ap ka pase ladan yo.
- Akize yo pran angajman tou pou yo pran kèk dispozisyon pou yo rete konsantre pou yo ka atenn objektif sa disi 2055:
 - Akize yo pral fè 1 posib pou gen aksè nan 81 estasyon ki fè pati Plan Enfrastrikti Transpò Piblik Vil Nouyòk pou ane 2020-2024 yo (“Plan Enfrastrikti” an) oubyen Plan Enfrastrikti ki te deja jwenn apwobasyon yo.
 - Akize yo pral fè 1 posib pou gen aksè nan 85 lòt estasyon disi 2035.
 - Akize yo pral fè 1 posib pou gen aksè nan 90 lòt estasyon disi 2045.
 - Akize yo pral fè 1 posib pou gen aksè nan 90 lòt estasyon disi 2055.
- Reyalizasyon objektif yo nan dat ki mansyone pi wo yo depann de kilè yo anonse kontra pou fè travay renovasyon pou bay aksè yo, se pa lè kontra yo fini.
- Tout dat ki fikse yo gen rapò ak lè finansman yo disponib ak sitiyasyon sanzatann ki ka rive. Nivo finansman presi yo mansyone pi ba a.
- Si vin gen yon ogmantasyon 150% nan depans pou fè vin gen aksè nan estasyon yo, ki adapte ak lavi chè ki vin genyen, Akize a ka fè chanjman nan objektif sa yo.
- Antant lan egzije Akize yo pou yo fè tout sa yo kapab pou yo respekte angajman pou Yo Garanti Aksè Maksimòm nan. Fè tout sa yo kapab pou yo respekte angajman an vle di Akize yo ap rann li posib pou gen aksè nan omwen 75% nan kantite estasyon ki gen aksè ki mansyone nan objektif yo.
- Nan fen chak peryòd Senk-Lane Plan Enfrastrikti an, MTA ap mete yon paj sou sit entènèt yo a ki montre konbyen estasyon yo panse y ap fè vin gen aksè nan fen pwochen peryòd Senk-Lane Plan Evestiman an, ansanm ak pwogè ki fèt pou reyalize nivo pou gen aksè a 95%.
- Akize yo pral analize faktè ki vin annapre yo lè y ap deside pou yo mete aksè nan estasyon yo: zòn jeyografik tout vil la pozisyone; opsyon transfè nan transpò piblik; kantite moun ki itilize l pa ane; enfòmasyon sou zòn resansman ki gen moun ki aje e ki andikape ak pouusataj nan kategori moun sa yo k ap viv nan povrete; nivo konsantrasyon kay ki nan katye yo; epi gade a ki distans sant medikal, lekòl, pak, kote ki gen biznis yo, sant kiltirèl ak sant pou moun aje yo ye.

B. Akize yo Adopte Nivo Finansman Minimòm yo Pou Pèmèt Gen aksè Nan Sistèm Tren an Alavni

- Kòmanse nan Plan Enfrastrikti 2020-2024 la, ak tout Lòt Plan Enfrastrikti ki gen pou vini yo kote finansman pou Plan Enfrastrikti an se 35.389 milya dola oswa plis (sa dola te vo nan lane 2020), Akize yo ap pran angajman pou yo konsakre, pou pi plis, 14.69% nan pòsyon total Transpò Piblik Vil Nouyòk gen nan finansman Plan Enfrastrikti a, pou yo renove estasyon tren yo pou yo ka vin bay aksè (swa lè yo mete ranp oswa asansè).
- Nivo finansman minimòm sa ap sou pye toutotan bezwen ki genyen pou “Bon Kondisyon” yo pa depase 75% nan nenpòt Plan Enfrastrikti. Pwojè Bon Kondisyon yo renove kote nan sistèm transpò piblik la ki pa ka itil anyen ankò pou asire yo sistèm nan ap fonksyone san danje.
- Si bezwen ki genyen pou Bon Kondisyon yo plis pase 75% nan nenpòt Plan Enfrastrikti, sa vle di finansman pou kreye aksè a ap dimininye nan nivo 0.59% pou chak pwen pou santaj ki plis pase 75%. Men, finansman pou kreye aksè a ap toujou reprezante omwen 8% nan pòsyon total Transpò Piblik Vil Nouyòk gen nan finansman Plan Enfrastrikti a, kote finansman pou Plan Enfrastrikti a se 35.389 milya dola oswa plis.
- Plan Enfrastrikti 2020-2024 la te 35.389 milya dola premye fwa yo te apwouve 1 la. Plan finansman ki mansyone pi wo a montre Akize yo pral resevwa menm kantite finansman an oswa plis pou Plan Enfrastrikti k ap vini yo. Si Plan Enfrastrikti ki gen pou vini jwenn mwens finansman (ki adapte ak lavi chè ki vin genyen), sa ap vle di ap gen pou santaj pou kreye aksè yo ap diferan:
 - Si montan pou Plan Enfrastrikti a se omwen 30 milya dola men li mwens pase 35.389 milya dola (sa dola te vo nan lane 2020), omwen 12% pral nan dispozisyon pou kreye aksè.
 - Si montan pou Plan Enfrastrikti a se omwen 20 milya dola men li mwens pase 30 milya dola (sa dola te vo nan lane 2020), omwen 10% pral nan dispozisyon pou kreye aksè.
 - Si montan pou Plan Enfrastrikti a mwens pase 20 milya dola, Akize yo dwe patisipe nan konvèrsasyon pou bon kondisyon an ansanm ak Moun ki pote plent yo konsènan Finansman Pou Kreye Aksè a.

C. **Angajman sa yo se Angajman Debaz Akize yo pran Pou Kreye Aksè e yo pa rete la sèlman.**

- Nan kad Antant Rezolisyon an, Akize yo pran angajman pou yo fè efò ki rezonab pou yo jwenn nouvo sous finansman federal, eta a, oswa lokal yo ka itilize pou kreye plis estasyon ki gen aksè ladan yo.
- Si Akize yo jwenn plis finansman ki la sèlman pou kreye aksè nan estasyon yo, sa vle di finansman sa a se yon degi, e l ap sou montan Akize yo te pran angajman pou yo mete nan kad travay pou kreye aksè nan estasyon yo nan peryòd kote Plan Enfrastrikti pou Senk Lane a te anvigè.
- Si gen konpayi konstriksyon prive ki fè travay pou kreye aksè nan estasyon tren an san Akize yo pa peye, estasyon sa a p ap konte nan objektif Akize a oswa lòt angajman ki nan Antant Rezolisyon an.

D. **Lè Akize yo Fè yon Gwo Renovasyon nan yon Estasyon Tren, Y ap Kreye Aksè nan Estasyon Sa a Tou.**

- Alavni, lè renovasyon yon estasyon tren koute alafwa plis pase 50 milya dola (ki adapte ak lavi chè ki vin genyen) e renovasyon an konsène tout pati nan estasyon sa a ki fè nòt 3 oswa plis pou Ankèt ki Fèt sou Kondisyon Stasyon MTA yo, Akize a ap kreye aksè nan estasyon an nan kad renovasyon k ap fè nan estasyon an. Sa a rele Pwojè Estasyon ki Reponn ak Kritè yo.
- Kondisyon yo pa la pou ogmante kantite estasyon Akize yo te pran angajman pou yo kreye aksè ladan yo nan lòt Pati ki nan Antant Rezolisyon an. Okontré, Akize yo ka ranplase yon Pwojè Estasyon ki Reponn ak Kritè yo ak yon estasyon yo te gentan pran angajman pou yo kreye aksè ladan l nan kad objektif yo genyen yo (*gade Pati B*, ki pi wo a). Akize yo gen obligasyon pou pale ak Moun ki pote plent yo konsènan ki stasyon, si gen youn, y ap ranplase a e y ap bay remak Moun ki pote plent yo enpòtans, y ap fè sa a yon fason onèt, menm si Akize nan kesyon Transpò Piblik yo ap toujou gen otorite pou yo pran desizyon konsènan ranplasman an.
- Akize yo pa oblige mete travay pou kreye aksè a nan kad renovasyon ki respekte kritè yo nonplis, si l sanse "pa posib pou fè l" pou kreye aksè nan estasyon an, jan sa paret nan lwa federal pou moun andikape yo. Si Akize yo fè konnen kreye aksè nan yon estasyon pandan yon renovasyon sanse pa posib, yo dwe rankontre Moun ki pote plent yo, ki ka konteste nenpòt desizyon Akize yo pran konsènan posibilité ki genyen.
- Pwojè renovasyon estasyon yo ki te jwenn finansman grasa Plan Enfrastrikti 2015-2019 yo pa ladan l.

E. Akize yo ap Toujou Bay Moun Ki Pote Plent yo Mizajou konsènan Pwogrè y ap Fè Pou Kreye Aksè nan Estasyon yo.

- Direktè MTA ki responsab Travay Pou Kreye Aksè a pral bay Moun ki pote plent yo yon rapò sou pwogrè ki fèt yo chak 6 mwa. Rapò sa a ap gen ladan l:
 - Pwogrè akize yo fè nan travay k ap fèt pou kreye aksè nan estasyon yo ak nenpòt reta yo pwogrè y ap fè pou yo atenn objektif yo;
 - Nan ki nivo tout demann finansman ak Plan Enfrastrikti yo ye, ak nenpòt sitiyasyon ki rive sanzatann ki gen konsekans sou finansman Akize yo bezwen pou kreye aksè yo; epi
 - Nenpòt Pwojè Estasyon ki respekte Kritè yo ki fè pati renovasyon yon estasyon ak/oswa desizyon k ap pran pou vin gen aksè nan yon estasyon nan kad renovasyon ki ta ka pa posib.

F. Tout Avantaj gen Règleman ak Kondisyon ki nan Antant Rezolisyon an

- Responsabilite ak angajman MTA (ak lòt Akize Transpò Piblik yo) dekri nan Antant Rezolisyon an, ki gen yon kantite kondisyon, kèk ladan yo ka chanje obligasyon Akize yo genyen ann amoni ak Antant lan, si ta gen sitiyasyon sanzatann ki rive, pa egzanp, fasilité pou jwenn finansman, ak katastwòf natirèl, men se pa sa yo sèlman.

AVOKA K AP JERE DOSYE A

11. Èske m gen von avoka nan dosye sa a?

Wi. Si w fè pati Gwoup la, avoka Disability Rights Advocates yo, ki se yon kabinè avoka benevòl, ak Sheppard Mullin Hampton and Richter, LLP (ansanm, "Avoka Gwoup") reprezante w nan kad Rezolisyon sa a sèlman. Toulède kabinè avoka yo gen eksperyans nan jere menm kalite dosye sa yo ki gen rapò ak dwa moun andikape. Gen plis enfòmasyon konsènan Disability Rights Advocates ak eksperyans avoka l yo genyen ki disponib sou <http://www.dralegal.org>. Gen plis enfòmasyon konsènan Sheppard Mullin ki disponib sou <https://www.sheppardmullin.com/new-york>.

Ou p ap peye avoka ki reprezante w nan dosye sa a. Si w vle gen pwòp avoka pa w, ou ka pran youn e peye l ak pwòp kòb ou.

12. Kijan avoka yo ap touche?

Se Akize yo k ap peye avoka yo nan dosye sa a. Akize yo ap peye tarif Avoka Gwoup la ak depans pou tout travay Avoka Gwoup la te fè jiskaske Antant Rezolisyon an jwenn apwobasyon. Montan sa pa dwe depase 4.5 milyon dola antou.

Epitou, Akize yo ap peye Avoka Gwoup la tarif yo mande a ak depans pou tout travay ki fèt pandan y ap sipèvize, mete sou pye, ak aplike Antan Rezolisyon an ki gen kèk limit ladan 1.

Konsène yo te tann jis lè yo fin tabli lòt kondisyon ki nan Rezolisyon an pou yo negosye tarif ak depans. Pèman avoka yo p ap gen konsekans sou angajman Akize yo pran nan kad Rezolisyon sa a.

E SI M VLE KONTESTE ANTANT REZOLISYON AN?

Rezolisyon an dwe jwenn apwobasyon ni tribunal eta a, ni tribunal federal la nan chak pwosè pou l anvigè. Si w fè Pati Gwoup la, ou ka konteste Rezolisyon an si w pa dakò avè l. Ou ka bay rezon ki fè w panse Tribunal la pa ta dwe apwouve Rezolisyon an pou Tribunal la ka analize opinyon w la. Ou pa ka mande Tribunal la pou l chanje kondisyon ki nan Rezolisyon an; sèl sa Tribunal la ka fè se apwouve oswa rejte Rezolisyon an. Si Tribunal la rejte Rezolisyon an, dispozisyon ki mansyone nan avi sa p ap aplike e pwosè a ap kontinye.

Ni tribunal eta a, ni tribunal federal la te gentan apwouve Antant Rezolisyon an, e yo planifye odyans yo nan mwa avril 2023 pou yo gade si Antant Rezolisyon ki pwopoze a pa gen fòs kote e li rezonab e li ta dwe jwenn apwobasyon definitif.

Pou w depoze yon kontestasyon pou Rezolisyon an nan *Center for Independence of the Disabled, New York, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al.*, Case No. 153765/2017 (Supreme Court, N.Y. Co.), ou dwe voye yon kontestasyon ekri bay tribunal eta a nan adrès ki mansyone pi ba a pou tribunal eta a. Pou w depoze yon kontestasyon pou Rezolisyon an nan *De La Rosa, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al.*, Case No. 19-cv-4406

(S.D.N.Y.), ou dwe voye yon kontestasyon ekri bay tribunal federal la nan adrès ki mansyone pi ba a pou tribunal federal la. Asire w ou mete non w, adrès ou, nimewo telefòn ou, siyati w, ak eksplikasyon detaye sou rezon ki fè w pa dakò ak Rezolisyon an.

Kontetasyon ekri w ap voye nan *Center for Independence of the Disabled, New York, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al.*, Case No. 153765/2017 (Supreme Court, N.Y. Co.) dwe gen so lapòs la sou li ki gen dat **24 mas 2023** pou pi ta. Ou dwe voye kontestasyon sou non:

Hon. Shlomo S. Hagler
Supreme Court of New York
Courtroom 335, Part 17
60 Centre Street
New York, NY 10007

Ansanm ak kopi ki al jwenn:

Torie Atkinson
Disability Rights Advocates
655 Third Avenue, Fourteenth Floor
New York, NY 10017-5621

Allan J. Arffa
Gregory F. Laufer
Paul, Weiss, Rifkind, Wharton & Garrison LLP
1285 Avenue of the Americas
New York, NY 10019

Kontetasyon ekri w ap voye nan *De La Rosa, et al. v. Metropolitan Transportation Authority, et al.*, Case No. 19-cv-4406 (S.D.N.Y.), dwe gen so lapòs la sou li ki gen dat **8 mas 2023** pou pi ta. Ou dwe voye kontestasyon sou non:

Hon. Edgardo Ramos
Thurgood Marshall United States Courthouse
40 Foley Square
New York, NY 10007

Ansanm ak kopi ki al jwenn:

Rebecca Rodgers
Disability Rights Advocates
655 Third Avenue, Fourteenth Floor
New York, NY 10017-5621

Allan J. Arffa
Gregory F. Laufer
Paul, Weiss, Rifkind, Wharton & Garrison LLP
1285 Avenue of the Americas

New York, NY 10019

Kilè Tribunal la ap Pran von Desizyon Konsènan Apwobasyon Rezolisyon an?

Pral gen de odyans tou pou Tribunal yo ka deside si y ap apwouve Rezolisyon an oubyen si yo p ap apwouve l.

Pou tribunal eta a, odyans lan ap fèt **24 avril 2023 a 10:00am** nan sal odyans Onorab Jij Shlomo Hagler ki nan:

Supreme Court of New York
Courtroom 335, Part 17
60 Centre Street
New York, NY 10007

Pou tribunal federal la, odyans lan ap fèt **7 avril 2023 a 10:00am** nan sal odyans Onorab Jij Edgardo Ramos ki nan:

Thurgood Marshall United States Courthouse
Southern District of New York
Courtroom 619
40 Foley Square
New York, NY 10007

Tout chanjman nan dat oswa lè odyans yo ap disponib sou sit entènèt Disability Rights Advocates website ki se <https://dralegal.org/class-notice/nyc-subways-settlement-fairness-hearing/>.

13. Èske m oblige patisipe nan odyans lan?

Non. Avoka Disability Rights Advocates yo ak Sheppard Mullin ap patisipe nan odyans lan e y ap repon tout kesyon Jij la genyen konsènan dosye a. N ap byen kontan akeyi w nan odyans lan si w ta renmen patisipe, men ou reponsab depans ou fè pou trajè pou w ale nan odyans lan si l fèt an pèsòn oubyen pwòp aksè entènèt ou si odyans lan fèt a distans.

Si w te voye yon lèt objeksyon, ou pa oblige vin nan odyans lan pou w pale konsènan lèt ou a. Tout sa w gen pou w fè pou w byen konteste se voye lèt ekri w la nan delè yo bay la. Si w gen pwòp avoka w, ou ka peye avoka w la pou l asiste odyans lan, men se ou k ap deside.

14. Èske m ap ka pran lapawòl nan odyans lan?

Ou ka mande Tribunal la otorizasyon pou w pran lapawòl nan Odyans San Fòs Kote a. Tanpri sonje tout depans ou fè pou w asiste odyans lan se responsabilite w. Pou w mande pou w pran lapawòl nan odyans lan, ou dwe voye yon lèt pou w di ou ta renmen bay opinyon w nan dosye a epi bay nimewo dosye a. Asire w ou mete non w, adrès ou, nimewo telefòn ou, ak siyati w, epi bay tout temwen ou ka rele pou bay temwayaj ak pyès ou vle bay kòm prèv nan odyans lan. Ou ka vle bay Tribunal la enfòmasyon pou yo kontakte w pa mwayen elektwonik tou.

Menm si ou pa oblige patisipe nan odyans k ap fèt pou pran desizyon final la, antanke yon Manm nan Gwoup la, ou ka patisipe ak pran lapawòl nan odyans lan. Ou ka prezante poukout ou oswa pran yon avoka pou reprezante w. Si w pran yon avoka pou reprezante w, se ou menm k ap peye avoka sa a. Tribunal la ka chanje dat odyans lan san yo pa voye yon lòt avi bay tout gwoup la. Si w ta renmen resevwa avi elektwonik konsènan tout chanjman ki fèt nan dat la, tanpri depoze yon avi patisipasyon nan Tribunal la epi mete yon adres imel ki fonksyone kote w ka resevwa avi.

15. E si m pa fè anyen?

Ou pa bezwen fè anyen pou w resevwa avantaj y ap bay nan kad Rezolisyon sa a kou yo apwouve l.

**SI W PA VOYE YON KONTESTASYON ATAN JAN AVI SA A DEKRI SA, SA AP VLE DI
OU P AP KONTESTE E W AP PÈDI POSIBILITE W GENYEN POU W FÈ NENPÒT
KONTESTASYON POU ANTANT REZOLISYON AN.**

KIJAN POU M JWENN PLIS ENFÒMASYON?

Avi sa a bay rezime Antant Rezolisyon Ki Pwopoze a. Ou ka li tout Antant Rezolisyon an ak règleman ak kondisyon presi ki ladan l yo lè w:

1. Ale sou <https://dralegal.org/press/mta-settlement/>
2. Kontakte Avoka Gwoup la nan kontak sa a:

Disability Rights Advocates
Attn: Torie Atkinson
655 Third Avenue, 14th Floor
New York, NY 10017
nycsubways@dralegal.org
Telephone: (332) 217-2363

3. Ale sou wòl tribunal la pou dosye sa yo atravè sistèm tribunal la genyen ki rele PACER (Public Access to Court Electronic Records) sou <https://iapps.courts.state.ny.us/nyscef/HomePage> (Nimewo dosye 153765/2017) pou dosye eta a epi <https://pacer.login.uscourts.gov/> (Case No. 19-cv-4406) pou dosye federal la.

**TANPRI PA RELE TRIBINAL LA OUBYEN BIWO GREFYE YO POU W MANDE
ENFÒMASYON KONSÈNAN ANTANT REZOLISYON AN.**

Pou w jwenn kopi Avi sa nan lòt fòma, tanpri kontakte Avoka Gwoup la ki mansyone pi wo a oswa accessibility@mtahq.org.

Pou w jwenn kopi Avi sa a ann Espanyòl, Chinwa, Koreyen, Ris, Kreyòl Ayisyen, oswa Bengali, tanpri gade pi ba a oswa kontakte Moun ki pote plent yo nan nycsubways@dralegal.org oswa Akize yo nan accessibility@mtahq.org.

Este Aviso también está disponible en español. Para obtener copias de este Aviso en español, por favor comuníquese con los Demandantes al nycsubways@dralegal.org o con los Demandados al accessibility@mtahq.org, o lea [aquí](#).

Настоящее Уведомление также доступно на русском языке. Чтобы получить копии этого Уведомления на русском языке, свяжитесь с Истцом по адресу nycsubways@dralegal.org или с Ответчиками по адресу accessibility@mtahq.org или прочитайте [здесь](#).

本通知也提供中文版本。如欲获取本通知的中文版本，请与原告联系，nycsubways@dralegal.org，或与被告联系，accessibility@mtahq.org，或在此阅读。

이 공지문은 한국어로도 제공됩니다. 한국어로 된 공지문의 사본을 받으시려면 원고에게 nycsubways@dralegal.org로 연락해 주시거나 피고에게 accessibility@mtahq.org로 연락해주시기 바랍니다. 이 공지문은 [여기에서도](#) 보실 수 있습니다.

Avi sa a disponib tou an kreyòl ayisyen. Pou jwenn kopi Avi sa a an kreyòl, tanpri kontakte Pleyan yo nan nycsubways@dralegal.org oswa ak Defandan yo nan accessibility@mtahq.org, oswa li [isit la](#).

এই নোটিশটি বাংলায়ও পাওয়া যাচ্ছে। এই নোটিশের কপি বাংলায় পেতে, বাদীদের সাথে (nycsubways@dralegal.org) অথবা আসামিদের সাথে যোগাযোগ করুন (accessibility@mtahq.org), অথবা [এখানে](#) পড়ুন।